

## Lekòl Piblik nan Depatman Polk la Deklarasyon Misyon Patisipasyon Paran ak Fanmi yo



Pwogram Patisipasyon Paran ak Fanmi Distri ak Lekòl Tit I yo nan Kanton Polk la ap fè tout sa l kapab pou **BATI BON JAN RAPÒ** pou kreye angajman fanmi **reyèl** pou **chak** timoun, **chak** fanmi, **chak** pwofesè, **chak** jou.

### Ki Sa Patisipasyon Paran ye?

Patisipasyon paran vle di paran ap kominike **regilyèman ak lekòl la**, e se kominikasyon ki gen sans konsènan aprantisaj akademik pitit yo ak lòt aktivite k'ap dewoule nan lekòl la.

Angajman paran yo nan aktivite edikasyon pitit yo esansyèl pou amelyore siksè pitit yo nan lekòl la. Edikasyon yon elèv se yon responsablite lekòl la ak fanmi timoun nan pataje ansanm diran tout karyè akademik elèv la nan distri nou an.

Lekòl nan Kanton Polk la yo pral ankouraje e sipòte patisipasyon aktif paran yo, yon fason pou paran yo ak lekòl la travay ansanm kòm asosye nan edike pitit yo.

#### Lwa Piblik 107-110 mande pou tout lekòl Tit I yo

- 1) Òganize yon reyinyon anyèl pou paran yo nan lide pou enfòmasyon sou lwa Tit I yo epi kouman lwa sa yo sipòte edikasyon pitit yo.
- 2) Envite paran yo pou yo vin pasipe nan devlope e/oswa ekri e revize Plan Patisipasyon paran an (PIP) epi nan Pake Kontra paran-lekòl la.
- 3) Mete seyans fòmasyon ak atelye pou fòmasyon paran yo ak pèsònèl la e pou ogmante siksè elèv yo, epi ankouraje patisipasyon aktif paran yo nan edikasyon pitit yo.
- 4) Itilize yon pousantay nan lajan Tit I lekòl la pou òganize yon pwogram pou sipòte paran yo. Konsèy Komite Lekòl la ap bay dizon li nan deside kouman lajan Tit I an ap itilize.

#### Etap pou yon pwogram Tit I Revisi

- 1) Pou ogmante **siksè elèv** yo e mete **enstriksyon efikas**:
  - A) Yon **evalyasyon jeneral bezwen** yo k'ap montre ki sa tout elèv bezwen pou satisfè kondisyon lekòl la mande yo.
  - B) Yo fè **planifikasyon** pou deside ki meye fason pou satisfè bezwen yo idantifye nan evalyasyon yo.
  - C) **Sipò ak materyèl** k'ap satisfè pi byen bezwen yo idantifye pou tout elèv yo.
  - D) Yo fè **revizyon ak evalyasyon** pou wè si gen amelyorasyon ki fèt epi fè chajman ki nesèsè.
- 2) Yo mete **devlopman pwofesyonèl** pou pwofesè yo nan lide pou yo resevwa fòmasyon k'ap pèmèt yo ede elèv ki gen bezwen espesyal yo.
- 2) Yo mete sou pye pou paran yo **angajman paran san rete** atravè kominikasyon, aktivite akademik epi lòt aktivite lekòl la ap òganize. Lekòl la mete Plan Patisipasyon Paran an ak Bwochi Rezime plan yo disponib pou tout paran ak pou manm kominote lokal la. Yo mete paran yo nan desizyon ak evalyasyon pwogram Tit I lekòl la ak distri a.

### Aktivite pou Ranfòse Kapasite

Distri a bay lekòl Tit I yo enfòmasyon, sipò ak aktivite k'ap ede yo edike ekip lekòl yo a pou yo travay nan tèt kole avèk paran yo, epi pou yo ankouraje angajman fanmi yo nan edikasyon pitit yo, nan lide pou ogmante siksè pitit yo lekòl la. Bagay sa yo ka gen ladan yo: kreye lekòl ki pou atire fanmi yo, itilize teknoloji, kominike byen ak paran yo, bay konsèy sou òganize rankont ak paran yo epi sou lòt sijè enpòtan.

Lekòl yo òganize atelye akademik pou paran yo kote yo ba yo dat ak lè k'ap bon pou yo, e yo ba yo materyèl ak sipò nan divès lang. Atelye yo baze sou bezwen lekòl la ak paran yo e yo dwe bay paran yo divès kalite materyèl ak zouti pou ede yo travay ak pitit yo lakay yo. Lekòl yo fè jefò pou yo pa kite okenn baryè anpeche aktivite atelye yo nan bay manje, transpò, gadri ak tradiksyon pou paran yo k'ap patisipe nan atelye yo pou ankouraje yo vini nan atelye yo



Sit entènèt lekòl la bay paran yo enfòmasyon ansanm ak yon ralonj sou sit entènèt Distri a. Sit entènèt lekòl la ap gen ladann tou enfòmasyon sou atelye paran yo, plan patisipasyon paran an ak plan amelyorasyon lekòl.

### Fason ou kapab patisipe!

- Vini nan Reyinyon Anyèl Paran Tit I yo pou w jwenn enfòmasyon sou Pwogram Tit I nan lekòl ou a.
- Vini nan jounen pòt ouvè yo, nan oryantasyon ak nan lòt pwogram lekòl la ap òganize.
- Reyini ak pwofesè pitit ou epi toujou ap kominike avèk yo konsènan pwogrè pitit ou ap fè lekòl la. Vini nan rankont paran-pwofesè yo.
- Li Plan Patisipasyon Paran an (PIP) epi siyen Pake Kontra lekòl la ki angaje lekòl la ak paran yo. Pake Kontra a di men ki sa y'ap tann nan men lekòl la, paran yo ak pitit yo.
- Vin pote kole nan òganizasyon SAC, PTA/PTO oswa nan lòt òganizasyon nan lekòl la. Pwofite opònite volontè yo pou w travay kòm volontè nan lekòl ou.
- Travay kòm volontè nan lekòl pitit ou a.
- Bay sijesyon w e ranpli fòm sondaj paran yo pou ede nou amelyore travay nou.

### Ekip Konsiltatif Paran nan Distri a (D-PAT)

D-PAT reyini de (2) fwa nan ane lekòl la (prentan/otòn) pou revize, reekri e/ou pase men nan enfòmasyon ki nan Plan Patisipasyon Paran nan Distri a ak nan rezime bwochi plan yo. Reyinyon otòn nan fèt nan sal fòmasyon Tit I Distri a.

Nan sezon prentan, D-PAT òganize senk (5) reyinyon rejyonal nan Kanton Polk la. Re-prezantan Kontak Patisipasyon Paran chak lekòl Tit I jwenn envitasyon pou patisipe ansanm ak yon ekip paran nan lekòl pa yo. Tanpri wè ak biwo Tit I an oswa lekòl pitit ou a pou konfimen dat ak lokal yo paske dat yo ap pwoche.

Nenpòt paran ki gen pitit li nan yon lekòl Tit I ap byenveni nan D-PAT la. Si w enterese vin manm D-PAT, tanpri kontakte Direktè a oswa kontak Patisipasyon Paran Tit I nan lekòl ou a.

Ou kapab kontakte tou biwo Tit I an nan 534-0777. Opinyon w enpòtan anpil pou nou!

### Ki Sa Tit I an ye ?

Tit I se pi gwo pwogram èd gouvènman federal mete pou lekòl nasyon nou an pou rasire yo tout timoun jwenn opònite edikasyon kalite siperyè ki jis, egal e enpòtan. Tit I fè pati ESEA (Dwa Edikasyon Primè e Segondè) Prezidan Lyndon Johnson te siyen kòm lwa nan ane 1965. Nan mwa desanm 2001, Prezidan Bush te siyen “Lalwa Pa Dwe Kite Okenn Timoun Dèyè”.

#### Objektif pwogram Tit I an se amelyore siksè elèv yo nan:

- enstriksyon efikas,
- devlopman pwofesyonèl, epi
- patisipasyon paran yo.

Lajan Tit I yo se sipleman yo ye e yo itilize yo pou yo:

- ajoute pwofesè ki gen anpil kalifikasyon ak pèsònèl soutyen lekòl la.
- Sipòte jefò patisipasyon paran yo ak kominote a.
- Mete materyèl ki pou ankouraje e sipòte paran yo pou yo vin asosye nan edikasyon pitit yo.
- Mete akvite fòmasyon pou pèsònèl lekòl la.
- Achte plis materyèl ak zouti enstriksyon.
- Ajoute teknoloji nan sal klas yo.



### Kòdinasyon ak lòt pwogram federal

Pwogram Tit I kòdone jefò anpil lòt pwogram federal ap fè pou satisfè bezwen elèv nou yo ak fanmi yo. Pwogram sa yo gen ladan yo Tit I Pati C (pwogram pou Migran yo), Tit III (pou moun k'ap aprann Angle), Tit IX (pou moun Sanzabri), Tit II (pou amelyore kalite pwofesè yo) e FDLRS (Sistèm Dyagnostik ak Sipò nan Florid) epi pwogram Preskolè Volontè.

Nou asosye ak lòt pwogram federal e ak òganizasyon kominotè ki pap fè pwofi pou nou òganize aktivite Inivèsite Paran nan tout distri a.

### Bis Koneksyon Liv Tit 1 an

Bis Koneksyon Liv la bay paran yo ak elèv yo twa (3) òdinatè ak entènèt ak kapasite pou yo fè fotokopi, sit Parent Portal, enskripsyon sou entènèt, liv leson gratis e kou iPad.

Bis Koneksyon Liv la gen yon orè chak semèn pou l vizite sant paran yo ak vwazinaj ou yo.

Tanpri vizite sit entènèt la pou dat, lè al lokal oswa rele Jacqueline Rose nan 863-647-4714.

### Pwogram Tit I/VPK

Pwogram preskolè yo ak pwogram Tit I an mete tèt yo ansanm pou yo bay yon pwogram preskolè diran yon jounen lekòl konplè nan 16 lokal lekòl Tit I nan Kanton Polk la. Chak sal klas Pre-K ap sèvi 18 elèv ki gen laj 4 lane, e chak klas ap gen ladann yon pwofesè sètifye ak yon CDA (Asosye nan Devlopman Timoun).

Paran yo pap peye anyen pou pitit yo ki nan pwogram sa a k'ap pran timoun ki rete nan zòn pou yo patisipe nan lekòl Tit I. Pou w aplike, kontakte Biwo Pwogram Preskolè Polk la nan 863-648-3051 oswa vizite sit entènèt PCSB a pou plis enfòmasyon.



**Misyon Lekòl Piblik nan Kanton Polk la se bay tout elèv yon edikasyon kalite siperyè.**

## Sant Sipò Enfòmasyon pou Paran yo



Chak sant paran chita nan yon etablisman lekòl Tit 1. Yo ankouraje chak paran ki gen yon elèv nan yon lekòl Tit 1 pou patisipe nan sant ki pi pre kay yo a.

### Sant paran yo chita nan yon etablisman lekòl.

Lokal lekòl yo se;

Lekòl Primè Frost proof 863-635-8600  
Lekòl Primè Sleepy Hill 863-815-6787  
Lekòl Primè Combee 863-668-3035  
Lekòl Primè Garner 863-965-5488  
Lekòl Entèmedyè Mulberry 863-425-9288

### Sant yo ouvè

Lendi, mèkredi ak vandredi

7:30 AM a 3:00 PM (Sant ki nan Etablisman Lekòl Primè yo)

8:00 AM a 3:30 PM (Sant ki nan Etablisman Lekòl Entèmedyè yo)

Madi ak jedi 10:30 AM a 6:00 PM

oswa 12:30 PM a 8:00 PM (Pou Kou nan Apremidi yo)

### Men kèk bagay sant yo ofri

- Bwochi ak fèy ki bay enfòmasyon sou yon pakèt sijè
- Enfòmasyon sou sipò ki gen nan kominote a tankou ACCESS
- Materyèl pou w prete pou w itilize lakay ou ak pitit ou.
- Bibliyotèk Sipò pou paran yo
- Materyèl preparasyon egzamen ACT/SAT
- Gid pou w etidye pou egzamen GED ak enfòmasyon sou lekòl pou moun majè yo
- Vizit Bis Koneksyon Liv la
- Aprann Angle avèk Rosetta Stone
- Òdinatè pou paran yo itilize
- Materyèl bileng
- Sware jwèt pou fanmi yo oswa sware aktivite manyèl fanmi yo
- Kafè ak Konvèsasyon yo ofri pou paran yo chak premye ak twazyèm vandredi chak mwa nan chak sant
- Èd GRATIS nan devwa elèv klas jaden danfan-8è ane chak madi ak chak jedi apre midi ant 3:00-6:00 PM
- Atelye GRATIS pou Paran yo nan divès sijè

Tanpri vizitem sant paran ki pi pre lekòl ou a pou w prete nan sa y'ap ofri yo.

Vizite sit entènèt nou an ki se [www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net) pou w wè kalandriye aktivite k'ap dewoule nan chak sant chak mwa.

### Sit Entènèt Sant Paran yo

[www.polk-fl.net/parents/involvement/pirc.htm](http://www.polk-fl.net/parents/involvement/pirc.htm)

### Sit Entènèt Inivèsite Paran yo

[www.polk-fl.net/parents/involvement/plug.htm](http://www.polk-fl.net/parents/involvement/plug.htm)



## Pou 2016-2017 la, lekòl sa yo kalifye pou yo resevwa sèvis Tit I.

58 Lekòl Primè			*Lekòl Charter
17 Lekòl Entèmedyè			**Nouvo Lekòl Tit I
10 Lekòl Segondè			
7 Lekòl ESE ou Lekòl Melanje			Total 92 Lekòl
Lekòl Primè (K-5è Ane)			
Lekòl Primè Alta Vista	Lekòl Primè Frostproof	Lekòl Primè Oscar J. Pope	
Lekòl Primè Alturas	Lekòl Primè Garden Grove	Lekòl Primè Padgett	
Lekòl Auburndale Central	Lekòl Primè Garner	Lekòl Primè Palmetto	
Lekòl Ben Hill Griffin Jr.	Lekòl Primè Gibbons Street	Lekòl Primè Philip O'Brien	
**Bethune Academy	Lekòl Primè Griffin	Lekòl Primè Pinewood	
Lekòl Primè Boswell	**Lekòl Primè Highland City	Lekòl Primè Polk City	
Lekòl Primè Caldwell	Lekòl Primè Horizons	Lekòl Primè Purcell	
**Carlton Palmore	Lekòl Primè Inwood	R. Bruce Wagner	
**Lekòl Primè Chain Of Lakes	Lekòl Primè Jesse Keen	Lekòl Primè Sandhill	
Lekòl Primè Churchwell	Lekòl Primè Kathleen	**Lekòl Primè Scott Lake	
**Cleveland Court	Lekòl Primè Kingsford	Lekòl Primè Sleepy Hill	
Lekòl Primè Combee	Lekòl Primè Lake Alfred	Lekòl Primè Snively	
Lekòl Primè Crystal Lake	Lekòl Primè Lake Shipp	Lekòl Primè Socrum	
Lekòl Primè Dixieland	Lekòl Primè Laurel	Lekòl Primè Southwest	
Lekòl Primè Dr. N.E. Roberts	Lekòl Primè Lena Vista	**Lekòl Spessard L. Holland	
Lekòl Primè Dundee Academy	Lewis Anna Woodbury	Lekòl Primè Spook Hill	
Lekòl Primè Eagle Lake	Lekòl Primè Loughman Oaks	Lekòl Primè Stephens	
Lekòl Primè Eastside	Lekòl Primè Medulla	Lekòl Primè Wahnetta	
Lekòl Primè Elbert	Lekòl Primè North Lakeland	Lekòl Winston Academy	
Lekòl Primè Floral Avenue			
Lekòl Entèmedyè (6è-8è Ane)			
Lekòl Entèmedyè Bartow	Dundee Ridge Academy	Lekòl Entèmedyè Mulberry	
Lekòl Entèmedyè Boone	Lekòl Entèmedyè Kathleen	Lekòl Entèmedyè Sleepy Hill	
*Compass Middle Charter	Lake Alfred Addair	Lekòl Entèmedyè Southwest	
Lekòl Entèmedyè Crystal Lake	Lekòl Entèmedyè Lake Gibson	Lekòl Entèmedyè Stambaugh	
Lekòl Entèmedyè Denison	Lake Marion Creek	Lekòl Entèmedyè Westwood	
*Lekòl Discovery Academy	McLaughlin Academy		
Lekòl Segondè (9è-12è Ane)			
Fort Meade Entèmedyè-Tèminal	**Lekòl Segondè Lake Region	**Polk Acceleration Academy	
Frostproof Entèmedyè-Tèminal	Lekòl Segondè Mulberry	Lekòl Segondè Tenoroc	
Lekòl Segondè Haines City	*Lekòl New Beginnings	**Lekòl Segondè Tèminal	
Lekòl Segondè Kathleen			
Lekòl Klas Melanje			
**Citrus Ridge Academy	Lekòl R.E.A.L Academy	Lekòl Roosevelt Academy	
Lekòl Doris A. Sanders	**Lekòl Boza Rochelle	Lekòl Blake Academy	
*Our Children's Academy			

## INIVÈSITE PARAN YO

Tout fanmi ki gen pitit yo nan yon Lekòl Piblik nan Kanton Polk la jwenn envitasyon pou vin patisipe.

Transpò GRATIS, dine, kou ak vandè.

Vizite [www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net) pou plis enfòmasyon!



## Lekòl Piblik TIT I nan Kanton Polk la

2016-2017

## Rezime Plan Patisipasyon Paran yo



Paran yo,

Mèsi paske w pran tan pou w li Rezime Plan Patisipasyon Paran sa a. Yo mete tout Plan Patisipasyon Paran Tit I Distri a disponib pou ou nan sit entènèt [www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net), nan sit entènèt lekòl pitit ou a e nan Kaye nòt ki gen enfòmasyon pou Paran/Fanmi yo ki nan biwo lekòl pitit ou a.

W'ap resevwa tou yon kopi Rezime Plan Patisipasyon Paran Lekòl la ak yon kopi Pake Kontra Lekòl-Paran an. Tout Plan Patisipasyon Paran an ap disponib nan sit entènèt lekòl pitit ou a, e nan Kaye nòt lekòl la ki gen enfòmasyon pou Paran ak Fanmi Tit I yo ki disponib nan biwo lekòl la.

Si w enterese fè pati komite pou revize e evalye Plan Patisipasyon Paran Distri a epi fè sijesyon pou plan lane 2017-2018 la, tanpri kontakte Kòdonatè Patisipasyon Paran an nan biwo Tit I an.

Mèsi,

*Dr. Maria Louga.*

Direktè Alatèt Pwogram Federal e Administratè Lajan Leta Bay yo

*Denise Atwell,*

Kòdonatè Distri a pou Angajman Paran ak Fanmi Lekòl Tit I yo



Lekòl Piblik nan Kanton Polk la

PWOGRAM TIT I

PO Box 391

Bartow, Florida 33831

863-534-0777